

12 janvye 2023

Chè fanmi,

Youn nan poto mitan administrasyon nou an se pou angaje w kòm bonjan patnè nou. Ou se ekspè sou pitit ou ak sou edikasyon yo, epi patisipasyon w ka ede yo pwospere anndan ak andeyò lekòl la. Se poutèt sa m ap ankouraje w pou w pran yon wòl lidèchip nan lekòl leta nou yo lè w aplike pou w kandida pou yon plas nan youn nan 36 Konsèy Edikasyon Kominote oswa Vil la (CCEC).

Konsèy yo fòme avèk paran volontè tankou oumenm, yo eli ak nonmen. Si yo eli oswa nonmen w nan yon pòs, w ap jwe yon wòl enpòtan nan fòme desizyon enpòtan nan distri lekòl ou a. Pa egzanzp, ou ka apwouve liy dekoupaj zòn oswa revize amelyorasyon nan bilding lekòl pitit ou a, jan sa te rive dènyèman nan pati nòdwès Distri 15 lan.


Pou ogmante efektif elèv nan lekòl yo ak ankouraje plis divèsite, manm Konsèy Edikasyon Kominote (CEC) 15 yo te travay avèk Lekòl Leta Vil Nouyòk, moun k ap fè rechèch nan edikasyon, ak lidè kominote yo pou devlope yon plan redekoupaj zòn pou lekòl primè. CEC a te defann tou avèk siksè opsyon pou yon lekòl presegondè ki nesèsè anpil nan katye Red Hook, Brooklyn. Sa yo se kalite chanjman nan règleman ki fè yon diferans reyèl nan lavi timoun nou yo.

Pou pote plis divèsite nan Konsèy Edikasyon nou yo, mwen kontan pataje pou premye fwa, fanmi ki gen yon timoun nan yon lekòl oswa yon pwogram Distri 75 ka vote pou yon reprezantan Distri 75 kòm manm nan chak Konsèy lokal. Sa a se yon gwo viktwa pou fanmi nou yo, epi mwen ankouraje paran ki elijib pou yo poze kandida yo pou yon plas presi distri 75.

Ekip Angajman Fanmi ak Kominote nou an ap bay yon pakèt resous pou gide w nan pwosesis eleksyon ak vòt la. Sa gen ladan sesyon enfòmasyon atravè Zoom nan diferan lang ak plis detay sou estrikti ak wòl Konsèy Edikasyon yo, eksplikasyon sou elijiblite, dat enpòtan yo, ak Kesyon yo poze souvan. Ou ka jwenn aksè nan tout sa epi voye aplikasyon w ale nan [schools.nyc.gov/elections2023](https://schools.nyc.gov/elections2023) jiska 13 me.

Antan paran, mwen kwè nou tout pataje yon misyon lanmou: ede jèn yo fleri ak reyisi. Lè ou poze kandida w pou yon plas nan yon Konsèy Edikasyon, ou pran angajman pou w vin yon vwa pou chanjman nan edikasyon pitit ou. Lè w fè tande vwa w sou pwoblèm enpòtan ki afekte lekòl nou yo lè w vote epi pataje opinyon w ak reprezantan CCEC w yo, ou montre kominote w yo ke w fè pati solisyon an. Tanpri konsidere poze kandida w pou yon plas nan yon Konsèy epi ede mete tout elèv nou yo sou chemen avni briyan yo merite yo.

Plane wo,



David C. Banks  
Chanselye Lekòl Vil Nouyòk